

Pwogram Asistans Finansyè: Rezime nan yon Langaj Fasil
▪ Nou Ofri Asistans Finansyè

Hallmark Health System fyè pou yo ofri chak pasyan meyè swen an. Hallmark Health ofri asistans finansyè pou pasyan ki pa gen mwayen pou yo peye swen dijans ak swen ki nesèsè pou rezon medikal.

▪ Èske m Kalifye?

Nou atann pasyan ki gen mwayen pou sa a peye swen yo resevwa nan Hallmark Health. Sepandan, ou gendwa kalifye pou w jwenn asistans finansyè. Li baze sou plizyè faktè, tankou asirans ou deja genyen, revni w (nou itilize Nivo Povrètè Federal la (Federal Poverty Level) pou detèmine konbyen asistans finansyè nou ka ofri w), kantite moun nan fanmi w, resous ou posede, ki kote w rezide, epi lòt fakti medikal.

Nou ofri asistans finansyè pou pasyan ki pa gen asirans oswa asirans yo manke ede yo. N ap bay yon pasyan asistans finansyè ki swa limite, swa konplè, sou baz kapasite l pou l peye depans nou faktire l yo.

Pasyan dwe konfòme yo avèk pwosesis demann nan, san wete remèt nou deklarasyon enpo, deklarasyon bank, avèk fich peman travay. Pwosesis demann nan gen ladan l tou fè demann pou tout kalite asistans ki disponib, tankou MassHealth (Medicaid) ak lòt pwogram federal.

▪ Ki jan pou fè demann nan?

Si w pa kapab peye depans ou yo, vizit sit wèb nou an ki nan <https://www.hallmarkhealth.org/Financial-Counseling-and-Billing.html>, kote w ap jwenn enfòmasyon sou Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la w ap ka telechaje epi enprime, ansanm ak Fòmilè Demann nan. Anplis, ou gendwa mande yo voye yon Pwogram Asistans ba w nan lapost. Pou pran yon randevou avèk yon Konseye Finans, rele 781-338-7111.

▪ Eksepsyon

Pwogram nan se sèlman pou swen dijans ak swen ki nesèsè pou rezon medikal Hallmark Health te ba ou. Li pa pou swen lòt medsen endepandan oswa lòt pwofesyonèl ki pap travay pou Hallmark Health yo te ba ou. Sa gen ladan l anestezi, radyològ, patolojis, avèk egzamen laboratwa yo fè deyò Hallmark Health, san wete lòt nou pa site.

▪ Lòt Enfòmasyon

Nou pap faktire okenn pasyan ki kalifye pou yo jwenn asistans finansyè plis pou swen dijans, ak lòt swen ki nesèsè pou rezon medikal, pase montan yo jeneralman konn faktire a (AGB).

▪ Pou Moun ki Pa Pale Anglè

Pwogram Asistans Finansyè a, Fòmilè Demann Asistans Finansyè a, avèk Rezime nan yon Langaj Fasil la, yo tout yo disponib ann (1) Espanyòl; (2) Fransè; (3) Kreyòl; (4) Italyen; (5) Pòtigè; (6) Grèk; (7) Ris; (8) Indi; (9) Chinwa; (10) Vyetnamyen; oswa (11) Arab. W ap jwenn yo nan <https://www.hallmarkhealth.org/Financial-Counseling-and-Billing/Financial-Assistance-Policies.html>, oswa kontakte konseye finans yo.

▪ Enfòmasyon pou Kontakte Konseye Finans yo

Melrose-Wakefield Hospital	Melrose-Wakefield Hospital	Lawrence Memorial Hospital of Medford
Joan Batten	Ann Pesaturo	Aminda Monteagudo
585 Lebanon Street Melrose, MA 02176	585 Lebanon Street Melrose, MA 02176	170 Governors Ave Medford, MA 02176
1 ^{ye} Etaj, toupre antre Porter Street la	1 ^{ye} Etaj, toupre antre Porter Street la	Bò kote Depatman Ijans lan
781-979-3437	781-979-3593	781-306-6203